**Kukwira kwaJesu kuDenga**

MABASA AVAPOSTORI 1:3, 6-11

3Shure kwokutambudzika kwake,
akazviratidza kuvanhu ava akaratidza
zviratidzo zvizhinji zvokuti iye akanga
ari mupenyu. Akaonekwa navo mazuva
anopfuura makumi mana uye akataura
nezvoumambo hwaMwari.

4Pane imwe nguva, paakanga achidya
navo, akavapa kurayira uku akati,
“Musabva muJerusarema, asi mumirire
chipo chakavimbiswa naBaba vangu, icho
chamakandinzwa ndichitaura pamusoro
pacho. 5Nokuti Johani akabhabhatidza
nemvura, asi mushure mamazuva
mashoma muchabhabhatidzwa noMweya
Mutsvene.”

6Saka vakati vaungana pamwe chete,
vakamubvunza vakati, “Ishe, mava
kuzodzosera ushe kuvaIsraeri panguva ino
here?”

7Akati kwavari, “Hazvizi kwamuri kuti
muzive nguva kana musi wakatarwa
naBaba nesimba ravo pachavo. 8Asi
muchagamuchira simba kana Mweya
Mutsvene auya pamusoro penyu; uye
muchava zvapupu zvangu muJerusarema,
nomuJudhea mose, nomuSamaria, uye
kusvikira kumigumo yenyika.”

9Shure kwokunge ataura izvi, akakwidzwa
kudenga pamberi pameso avo chaipo, uye
gore rikamufukidza vakasazomuona.

10Vakanga vakatarisisa paakanga
achikwira kudenga, pakarepo varume
vaviri vakanga vakapfeka nguo chena
vakamira pavari. 11Vakati kwavari,
“Varume veGarirea, makamirireiko pano
makatarisa kudenga? Iyeyu Jesu abviswa
kwamuri achienda kudenga, achadzokazve
sezvamamuona achienda kudenga.”

**Kukwira kwaJesu kuDenga**



Shure kwokunge ataura izvi, akakwidzwa
kudenga pamberi pameso avo chaipo,
uye gore rikamufukidza vakasazomuona.
MABASA AVAPOSTORI 1:9

**40-73 Jesus Ascends to Heaven**

*www.GodsPeopleCare.org*
*Bible Verses are Shona*



Shure kwokunge ataura izvi, akakwidzwa kudenga pamberi pameso avo chaipo, uye gore rikamufukidza vakasazomuona. MABASA AVAPOSTORI 1:9